




Chemen Roxham se pa yon kote ankò kote moun ka antre lib
Kanada pou fè yon reklamasyon refijye.

Antre Kanada nan yon pò antre
ofisyèl sou fwontyè ya

Dapre “Safe Third Country Agreement (STCA)”,
on antant ant Etazini ak Kanada anpil moun pa
gen dwa antre Kanada soti nan peyi Etazini lè yo
fè yon reklamasyon refijye. Gen eksepsyon ki
pèmèt kèk moun antre Kanada anba STCA.

Chèche konnen si ou rankontre yon eksepsyon
nan STCA a:



oswa/
oubien



Si ou fè yon demann refijye nan fwontyè
Etazini-Kanada san prèw yon eksepsyon
STCA, ou pral resevwa yon lòd esklizyon epi
ou pap kalifye pou janm gen yon odyans
refijye nan Kanada.

Genyen lòt règ kalifikasyon tou. Ou ta dwe
jwenn konsèy legal pou verifye kalifikasyon
ou epi pou asire w ke ou gen bon dokiman yo
anvan ou ale nan yon pò antre ofisyèl.

Antre nan Kanada ant pò antre
ofisyèl yo, swa pase lan raje

Travèse fwontyè a lè se pa on pò antre
ofisyèl yo danjere



Ka gen marekaj, rivyè ak
kouran dlo.



Tan an, ak tanperati ya, ka
trè frèt epi nèt la ka fon
(ivè).



Ou ka pèdi sèvis telefòn
selilè w epi ou ka pa kapab
rele pou mande èd.



Lapolis ak ajan fwontyè yo ap
siveye zòn ki toupre fwontyè a.

Si yo kenbe w nan premye 14 jou yo apre
ou fin antre Kanada iregilyèman, yo ka voye
w tounen Ozetazini san yon odyans refijye.
Apre 14 jou ou ka fè yon demann refijye
men ou ta dwe gen èd yon avoka ou on
oganizasyon ki konn lwa imigrasyon Kanada.

Si yo kenbe w Ozetazini oswa/oubien yo
voya w tounen Ozetazini, yo gen anpil
chans pou yo mete w nan detansyon
imigrasyon.